**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–10.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बारह मई कऽ पटना मे रोड़–शो करताह। श्री मोदी पटना साहिब सँ पार्टी प्रत्याशी रविशंकर प्रसाद आओर पाटलीपुत्र सँ पार्टी प्रत्याशी रामकृपाल यादवक पक्ष मे भोट देबाक लेल जनौताह। भाजपा नेता नितिन नवीन जनौलनि जे प्रधानमंत्रीक रोड़–शो सांझ पांच बाजि कऽ तीस मिनट पर डाक बंगला चौराहा सँ शुरू होयत जे भट्टाचार्य मोड़, कदम कुआँ होयत गाँधी मैदानक उद्योग भवन धरि जायत।

---

खगड़िया लोकसभा क्षेत्रक बेलदौर विधानसभा क्षेत्र मे बूथ संख्या एक सय बिरासी आओर एक सय तिरासी पर आइ फेर सँ भोट खसाओल गेल। हमर संवाददाता जनौलनि जे दूनु बूथ पर शांतिपूर्वक भोट खसाओल गेल। मतदान सांझ छओ बजे धरि चलल। पछिला सात मई कऽ भेल चुनावक बीच स्थानीय लोक सभ रोड़ नहि तऽ भोट नहिक नारा दैत मतदानक बहिष्कार कयने छलाह। एहि बीच दू पक्ष मे झड़प भऽ गेल छल। असमाजिक तत्व सभ इवीएम के तोडि–फोडि देने छल। जिला प्रशासनक जनतब पर चुनाव आयोग इ दुनू वूथ पर पुनर्मतदान कराओल जयबाक लेल जनौने छल।

---

प्रदेश मे लोकसभा चुनाव के लऽकऽ प्रचार अभियान चरम पर अछि। विभिन्न राजनीतिक दलक नेता आओर स्टार प्रचारक सभ अपन – अपन प्रत्याशी के जीतेबाक लेल चुनावी सभा, रैली आओर रोड़–शो कऽ रहल छथि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ उजियारपुर संसदीय क्षेत्रक मोहनपुर मे पार्टी प्रत्याशी आलोक मेहताक समर्थन मे एक चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री यादव जनौलनि जे इंडी गठबंधनक सरकार बनला पर पंद्रह अगस्त कऽ बेरोजगारी सँ आजादी देल जाएब लेल शुरू कयल जायत। सभा के विकासशील इंसान पार्टीक प्रमुख मुकेश सहनी सेहो संबोधित कयलनि। एम्हर, भाजपाक बिहार प्रभारी बिनोद ताबड़े, पार्टीक वरिष्ठ नेता सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा आओर

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान पटना साहिब लोकसभा क्षेत्र सँ पार्टी उम्मीदवार रविशंकर प्रसादक समर्थन मे पटना मे एक चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। एनडीए नेता सभ केन्द्र सरकारक उपलब्धिक चर्चा करैत लोक सभ सँ रविशंकर प्रसादक पक्ष मे भोट खसेबाक लेल जनौलनि।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक चारिम चरण लेल राज्यक पांच संसदीय क्षेत्र– मुंगेर, बेगूसराय, समस्तीपुर, उजियारपुर आओर दरभंगा मे प्रचार काल्हि सांझ समाप्त भऽ जायत। इ सभ क्षेत्र मे तेरह मई कऽ भोट खसाओल जायत।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक सातम आओर अंतिम चरण मे नालंदा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आओर जहानाबाद संसदीय क्षेत्र मे नामांकन पत्र भरबाक काज चलि रहल अछि। आइ पटना साहिब संसदीय क्षेत्र सँ भाजपाक रविशंकर प्रसाद अपन नामांकन पत्र भरलनि। नामांकन सँ पहिने श्री प्रसाद एक रोड़–शो सेहो कयलनि। एम्हर, काराकाट संसदीय क्षेत्र सँ एनडीए सँ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक उपेन्द्र कुशवाहा नामांकनक पर्चा दाखिल कयलनि। ओतहि, सासाराम संसदीय क्षेत्र सँ भाजपा प्रत्याशी शिवेश राम आओर बक्सर सँ भाजपाक मिथिलेश तिवारी सेहो नामांकन पत्र भरलनि। संगहि, बक्सर सँ इंडी गठबंधन सँ राजद उम्मीदवार सुधाकर सिंह आओर आरा सँ भाकपा मालेक सुदामा प्रसाद सेहो अपन नामांकनक पर्चा दाखिल कयलनि। सातम चरणक लेल नामांकन पत्र भरबाक अंतिम तिथि चौदह मई अछि। नामांकन पत्रक जांच पंद्रह मई कऽ कयल जायत। जखनकि उम्मीदवार सभ सत्रह मई धरि अपन नाम वापिस लऽ सकैत छथि। एहि चरण लेल एक जुन कऽ भोट खसाओल जायत।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक छठम चरण लेल राज्यक आठ संसदीय क्षेत्र – वाल्मीकिनगर, पश्चिम चंपरण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सीवान आओर महाराजगंज मे छियासी उम्मीदवार सभ चुनावी मैदान मे छथि। काल्हि नाम वापिसीक अंतीम दिन तीन प्रत्याशी अपन– अपन नामांकन पत्र वापिस लेलनि। सभ सँ बेसी पंद्रह प्रत्याशी वैशाली संसदीय क्षेत्र मे छथि। ओतहि, सभ सँ कम पांच प्रत्याशी महाराजगंज संसदीय क्षेत्र सँ छथि। एहि चरण मे एनडीएक चारि, जदयूक तीन, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक एक प्रत्याशी चुनावी मैदान मे छथि। ओतहि, दोसर दिस इंडी गठबंधन सँ राजदक चारि आओर कांग्रेस आ

विकासशील इंसान पार्टीक दू–दू प्रत्याशी छथि। छठम चरण लेल पच्चीस मई कऽ भोट खसाओल जायत।

———————————————————————————

पूरबा हवा चलला सँ प्रदेश मे बारिश हेबाक स्थिति बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार अगिला अड़तालीस घंटाक बीच राज्यक उत्तरी आओर दक्षिण –पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम हल्लुक बारिश भऽ सकैत अछि। एहि बीच ठनका सेहो खसि सकैत अछि। एम्हर पिछला चौबीस घंटाक बिच हायाघाट मे सभ सँ बेसी बियालीस दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। समस्तीपुरक पटोरी मे पैतीस दशमलव दू आओर अररिया मे तैंतीस दशमलव आठ मिलीमीटर वारिश भेल अछि।

———————————————————————————

मिथिलांचल सहित प्रदेश भरि मे आइ अक्षय तृतिया मनाओल गेल। बैशाख मासक शुक्ल पक्षक तृतिया तिथि कऽ ई दिवस मनाओल जायत अछि। मान्यता अछि जे आजुक दिन स्नान–दान आओर पूजा –पाठ कयला सँ पुण्य भेटैत अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।